



Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM 9 MILYON DOLA POU ELAJI SÈVIS SANTE MANTAL, ADIKSYON AK VYÈYÈS POU NOUYÒKÈ AJE YO NAN KOMINOTE YO KI FRAPE DI PA COVID**

***Yo chwazi sis founisè swen mantal pou resevwa finansman sou 5 ane***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a seleksyon sis founisè sante mantal pou resevwa jiska 9 milyon dola sou senk ane pou sipòte pwogram kominotè yo ki idantifye granmoun ki gen laj 55 an oswa ki pi aje, ki gen endepandans oswa sivi yo ki an danje nan kominote an akòz sante mantal, itilizasyon sibstans, oswa enkyetid ki gen rapò ak vyeyès.

"Pandan pandemi COVID-19 la ap kontinye afekte kominote yo atravè New York, nou dwe fè tout sa nou kapab pou pwoteje moun ki pi vilnerab pami nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sipò finansye sa a pral ede granmoun Nouyòkè yo nan kominote ki te espesyalman frape anpil pa pandemi an, epi finansman an pral asire yo gen asistans ak sipò pou viv endepandan epi ak diyite."

"*Patenarya pou sipòte vyeyès an plas nan kominote ki afekte yon fason grav pa COVID-19 la*" pral konsantre sou kominote ki istorikman defavorize epi ki divèsifye ki te frape di pa COVID-19, epi li pral ede moun yo vyeyi an plas nan kominote yo chwa yo. Pwogram nan pral kreye patenarya ant founisè ki gen lisans OMH ak ajans ki lisans pa Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York (OASAS) ak Biwo Eta New York pou Granmoun Aje (NYS Office for Aging, NYSOFA).

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal la, te deklare,** "Prim sa yo pral ede Nouyòkè aje yo ki deja ap fè fas ak gwo defi pou viv endepandan epi ak pi gwo diyite nan pwòp kominote pa yo. Patenarya sa yo reyini tout resous ki disponib yo atravè OMH ak ajans sè nou yo - OASAS ak NYSOFA -- pou ede asire ke ansyen Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans gen opòtinite pou yo rete an sekirite nan pwòp kay yo."

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans NYS la, Chinazo Cunningham, te deklare,** "Opòtinite finansman sa a pral bay aksè ak bon jan kalite swen sante pou granmoun aje ki afekte pa kondisyon itilizasyon sibstans, toksikomani ak sante mantal.

Nan travay ansanm atravè patenarya kominotè ak patenarya Eta patwone pral asire ke n ap bay sèvis efikas, konplè ak endividyalize pou adrese bezwen popilasyon vilnerab sa a."

**Greg Olsen, ki se Direktè Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, te deklare,** "Patenarya inovatè sa a ap bay rezilta lè li bay sèvis sipò pou ede granmoun aje yo nan kominote a pandan y ap adrese bezwen adiksyon oswa sante mantal ki ka mete an danje kapasite yon moun pou l vyeyian plas. Pwogram sa yo reyisi lè yo sèvi granmoun aje yo yon fason ki konplè, ak yon konsantrasyon sou bezwen konplè yon moun. Tout siksè yo vin posib gras ak efò konbine biwo lokal pou moun ki aje k ap travay ansanm ak patnè sèvis sante fizik ak konpòtmantal yo. Mwen felisite Biwo Sante Mantal, Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon, ak tout patnè yo pou angajman yo nan vizyon sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip solid li nan kontinye sipòte New York kòm premye eta ki ankadre vyeyès nan nasyon an atravè patenarya ki pote siksè sa yo."

**Direktè Egzekitif Adjwen nan Divizyon Sèvis Veteran nan Eta New York lan (New York State Division of Veterans' Services), Joel Evans, te deklare,** "Malgre defi ak difikilte COVID-19 prezante yo, New York rete devwe pou sèvi moun ki gen bezwen inik epi bay yo opòtinite pou yo rete endepandan epi entegre nan kominote pa yo. Finansman sa yo bay yon opòtinite k ap chanje lavi moun sa yo pou yo vyeyi an plas ak onè ak diyite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou sipò enkondisyonèl li nan efò sa a ki pral ankouraje sante ak byennèt plis pase 50 pousan veteran yo, ki gen 65 an oswa plis ki rele New York lakay yo."

OMH te pibliye yon Demann pou Pwopozisyon an Avril 2021 pou envite aplikan ki elijib yo pou yo devlope ak soumèt plan pou sipòte granmoun Nouyòkè yo nan kominote yo ki te frape anpil pa pandemi COVID-19 la k ap fè fas ak pwoblèm pou viv endepandan akòz enkyetid sante mantal, itilizasyon sibstans, oswa enkyetid ki gen rapò ak laj yo.

Pwogram yo pral ede granmoun aje yo vyeyi an plas swa nan lojman sipò OMH oswa nan lòt lojman lokal pou granmoun aje yo. Yo ka itilize Finansman pou elaji oswa amelyore pwogram ki deja egziste oswa devlope yon nouvo pwogram ki satisfè tout kondisyon pwogram yo.

Pwogram yo rekonpanse yo gen ladan:

### **New York City**

#### **Pwogram Sèvis pou Granmoun yo**

An patenarya ak Sant Metwopoliten pou Sante Mantal (Metropolitan Center for Mental Health) ak Depatman pou Granmoun Aje nan Vil New York (New York City Department for the Aging), objektif Pwogram Sèvis pou Granmoun (Service Program for Older People, SPOP) lan se pou sipòte vyeyisman an plas epi redwi enstitisyonalizasyon granmoun aje prematire lè yo bay sèvis ki gen rapò ak sante jeneral - byennèt sikolojik,

swen medikal, ak tretman pou abi itilizasyon sibstans - pandan y ap adrese bezwen konkrè yo atravè sèvis jesyon ka, swen sante adomisil, opòtinite sosyalizasyon, manje, modifikasyon minè nan kay la, ak koneksyon ak pwogram kominotè yo. Pwogram nan espere sèvi 240 granmoun chak ane, yon total 2,700 pandan peryòd sibvansyon an, epi bay plis edikasyon ak sansibilizasyon pou 300 moun chak ane atravè de patenarya li yo, youn ladan yo pote anpil eksperyans tretman itilizasyon dwòg pou pasyan ekstèn ak lòt sèvis konkrè pou sipòte vyeyisman an plas.

### **Samuel Field YM&YWHA**

Samuel Field YM&YWHA ap fè patenarya ak Rego Park Counseling ak Depatman pou Granmoun Aje nan Vil New York pou idantifye ak angaje granmoun aje yo nan tès depistaj nan kominote lakay yo epi konekte yo ak sèvis yo. Sèvis mobil ak sèvis andeyò lokal yo se de pwen fokal pwogram nan e yo enkli evalyasyon sante konpòtmantal, sante fizik, ak sèvis pou moun ki aje yo ansanm ak bezwen ke yo pa satisfè nan lòt zòn yo. Yo dwe kreye yon plan swen endividyèl pou chak kliyan, epi yo dwe bay swen pwovizwa ak kowòdinasyon swen jiskaske yo etabli tout sèvis yo idantifye yo. Yo dwe bay konsèy, ki gen ladan sikoterapi endividyèl oswa famiyal ak swen sikyatrik, atravè sèvis konsèy Samuel Field ak Rego Park.

### **Jamaica Hospital**

Jamaica Hospital Medical Center ap fè patenarya ak Flushing Hospital Medical Center ak Depatman Granmoun Aje nan Vil New York nan *Patenarya Jamaica pou Sipòte Vyeyisman an Plas* (Jamaica Partnership to Support Aging in Place). Objektif pwojè yo se pou diminye twoub sante mantal ak abi itilizasyon sibstans ki pa trete lakay moun ki gen risk yo; diminisyon swen epizodik nan Depatman Ijans; diminisyon konpòtmant inadaptif ki kontribye nan move sante mantal; ogmantasyon angajman; ak diminisyon bezwen ki pa satisfè ki soti nan baryè kiltirèl ak languistik. Patenarya a espere sèvi 360 moun pandan peryòd sibvansyon an, avèk Flushing ki bay tretman pou abii itilizasyon sibstans ak sèvis sipò pou telemedsin pou adiksyon ak Depatman pou Granmoun Aje k ap fòme pèsonèl medikal sou sipò ki pa medikal pou granmoun aje ak konekte sant medikal ak founisè sèvis pou granmoun ki aje yo.

### **Ohel Childrens Home and Family Services**

Lè w fè patenarya ak LSA Recovery, Inc. ak Depatman Granmoun Aje nan Vil New York, objektif Ohel's *Project WHEEL* se pou bay sèvis sante mantal konplè epi konekte granmoun aje ak yon seri sèvis konplè pou yo ka vyeyi an plas avèk siskè. Yo planifye pou aplike yon modèl "hub and spoke" kote ekip milti-disiplinè yo pral fè sansibilizasyon, angajman, ak tès depistaj ki baze sou teren atravè Rockaways, pou kenbe prezans sou plas nan NORCS ke NYCDFTA deziyen, Sant pou Granmoun Aje yo, ak lojman NYCHA ("spokes") ki mennen nan koneksyon ak klinik sante mantal OHEL ak klinik LSA pou abi itilizasyon sibstans ("hubs") pou evalyasyon/tretman adisyonèl, ansanm ak koneksyon ak sèvis NYCDFTA ak teknoloji sipò.

## **Hudson Valley**

### **Depatman Sante Mantal Konte Orange**

Pwojè patenarya Konte Orange la pou sipòte vyeyisman an plas la rele *Enhanced WELCOME Orange Geriatric Initiative (WOGI)* epi li gen ladan Depatman Sante Mantal Konte Orange, Charite Katolik nan konte Orange ak Konte Sullivan, ak Biwo pou Granmoun Aje Konte Orange. Lè w sèvi ak modèl "Gatekeeper", pwojè amelyore an vize sèvi moun ki tradisyonèlman defavorize yo nan ogmante estabilizasyon nan kominote a epi redwi admisyon nan depatman ijans, lopital ak mezon retrèt ke yo ka evite yo; sipòte granmoun aje yo pou yo amelyore byennèt yo ak fonksyonman yo pou yo ka vyeyi an plas; epi amelyore itilizasyon teknoloji pou pi byen sèvi popilasyon sib la nan kreye yon enfrastrikti pou relye moun yo ak sèvis ak sipò yo baze sou bezwen inik pa yo ke yo evalye.

## **Long Island**

### **Central Nassau Guidance & Counseling Services**

Central Nassau Guidance & Counseling Services ap fè patenarya ak Family & Children's Association ak Biwo pou Granmoun Aje nan Konte Nassau nan sa yo rele Pwojè *Link-Age* pa yo a. Objektif yo se entegre kontak mobil ak livrezon sèvis nan mitan ajans yo; idantifye ak angaje granmoun aje; idantifye bezwen espesifik chak granmoun aje rankontre; itilize teknoloji pou ede granmoun aje yo ak fanmi yo/moun k ap okipe yo simonte baryè komen pou jwenn aksè ak swen ak sèvis yo; epi itilize finansman konplè ak sipò kamarad pou adrese bezwen ke yo pa satisfè yo. Tretman mobil sante mantal ak twoub ki rive ansanm ak sansibilizasyon mobil ki sible granmoun aje izole yo antre an gran pati nan plan yo.

Enfòmasyon sou tout pwogram jeryatrik OMH ofri yo disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418